



# PWOTEJE SEKIRITE W KOTE KI GEN OTOBIS

**massDOT**  
Massachusetts Department of Transportation



Yo sèvi avèk otobis lekòl ak otobis minisipal kòm transpò an komen pou anpil elèv. Menm si estatistik montre otobis lekòl se mwayen ki pwoteje sekirite pi byen lè timoun ap rive ak soti nan lekòl, chak tip otobis oswa kamyonnèt gen pwòp karakteristik li. Lè yo konprann kouman pou yo pataje wout la ak otobis yo, ak sa pou fè chak fwa yo rete kanpe, sa fè vwayaj la gen plis sekirite pou tout elèv yo.

## DIREKTIV SEKIRITE POU PATAJE WOUT LA AVÈK TOUT KALITE OTOBIS

### 1 Chèche pa kondwi nan bann sikilasyon pou otobis yo.

Bann sikilasyon ki pou otobis yo, kit se nan lekòl la kit se sou wout la, ede redwi danje sou wout otobis yo, ak ranfòse efikasite pou pasaje, ak pyeton, ak lòt moun ki sou wout la.

### 2 Rete atantif lè gen pasaje k ap monte oubyen desann nan otobis.

Lè yon moun desann nan yon otobis, li tounen yon pyeton. Nouvo **Lwa pou Itilizatè Vilnerab** nan Massachusetts la vle pou chofè yo kite yon distans kat pye pou pase sou kote pyeton ak moun ki sou bisiklèt.<sup>1</sup>



### 3 Pare pou ou rete kanpe, lè w ap swiv yon otobis ki rive devan yon kwazman ray tren.

Tout otobis, kit yo gen pasaje kit yo pa genyen, oblige rete kanpe nèt nan chak kwazman ray tren, epi chofè a dwe louvri pòt pasaje a pou gade si gen tren k ap vini.<sup>2</sup>



### 4 Pa swiv yo twò pre. Kenbe yon distans sekirite, epi pare pou rete kanpe souvan.

Otobis yo bezwen plis espas pou yo woule san danje. Kenbe yon distans konfòtab pou swiv yo, pou pare pou rete kanpe souvan.

### 5 Bay otobis yo ase espas po yo rete kanpe san danje, epi pou yo refounen antre nan trafik la.

Koutwazi ou montre lè ou kite otobis yo pase nan pwen estòp yo pèmèt trafik la sikile pi byen, epi sa ede otobis yo rive alè.<sup>3</sup>



### 6 Pa janm double yon otobis sou bò dwat li.<sup>4</sup>

Gwo veyikil yo konn bezwen pote kò yo sou bò gòch anvan yo vire adwat, kidonk si ou dèyè yon kamyon oswa yon otobis, chofè a kapab pa wè ou.

### 7 Pran pasyans.

Pasaje nan yon otobis lekòl oubyen otobis minisipal kapab jenn anpil, pou rive granmoun anpil. Pran pasyans pou yo tout kapab monte oubyen desann san danje.

RETE KANPE si ou wè kliyotan yo aktive.



Se lalwa ki di sa! Tout oto dwe rete kanpe lè yon otobis oswa yon kamyonnèt lekòl gen kliyotan li aktive, epi afich "Stop" li lonje. Vyolasyon yo kòmanse avèk yon amann \$250, epi yo kapab lakòz yo sispann lisans chofè a.<sup>5</sup>

### PA KANPE OTO OU TWÒ PRE otobis la.

Se lalwa ki di sa! Nan Massachusetts, oto yo dwe rete nan yon distans 100 pye dèyè otobis yo.<sup>6</sup> Distans siplemantè sa a pèmèt chofè otobis la wè elèv k ap monte ak nan otobis la.

**KEEP  
BACK  
100 FEET**



RESPEKTE limitasyon vitès nan zòn lekòl yo.

Se lalwa ki di sa! Limitasyon vitès nan yon zòn lekòl se 20 mil alè.<sup>7</sup>

## OTOBIS LEKÒL GEN PRIVILEJ POU SEKIRITE

- Se otobis lekòl sèlman, ansam avèk veyikil ponpye, lapolis, ak anbilans ki kapab rete trafik.

- Otobis lekòl yo se sèl veyikil ki rete tann yon elèv k ap travèse lari pou sekirite l. Lè yon otobis lekòl kanpe avèk kliyotan li aktive, sa vle di elèv yo la toujou, epi yo pako fin travèse lari a san danje.

<sup>1</sup><https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section14>

<sup>2</sup><https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section15>

<sup>3</sup>[https://www.mass.gov/files/documents/2018/03/21/Drivers\\_Manual.pdf](https://www.mass.gov/files/documents/2018/03/21/Drivers_Manual.pdf)

<sup>4</sup>[https://www.mass.gov/files/documents/2018/03/21/Drivers\\_Manual.pdf](https://www.mass.gov/files/documents/2018/03/21/Drivers_Manual.pdf)

<sup>5</sup><https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section14>

<sup>6</sup><https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section14>

<sup>7</sup>Sòf sou yon granwout kote aksè a limite

<https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section17>

# PA ALE NAN ZÒN DANJE A, POU SEKIRITÉ OU

Tout moun konnen zòn chofè a pa wè ozalantou otobis la, se zòn danje yo ye. Se la pifò aksidan oto yo konn rive. Kòm chofè a pa kapab wè ou nan zòn danje a, rete atantif kit ou se yon chofè, oubyen yon pyeton, oubyen yon moun k ap woule.



## Oto ki dèyè lòt oto

Nan zòn lekòl yo, sa ilegal pou double lòt oto.<sup>10</sup>

## KANPE avèk bra deyò

Chofè yo dwe rete kanpe lè yon otobis gen kliyotan li aktive.<sup>8</sup>

## Oto ki dèyè otobis

Rete nan yon distans 100 pye dèyè yon otobis lekòl, jan lalwa mande sa.<sup>9</sup>



## Moun ki sou bisiklèt

Bay otobis la anpil espas. Chèche pa double otobis sou bò dwat, epi veye oto k ap pwoche sou bò gòch ou. Gade si ou ka tann yon otobis retounen antre nan trafik la, pase pou ou double li.

## Retwovizè lateral

Toujou veye si ou ka wè retwovizè lateral yon otobis. Chofè otobis la pa kapab wè ou si ou pa kapab wè li.



GEN PLIS DANJE  
ZÒN DANJE

ZÒN PYETON

GEN PLIS DANJE



## Kote pou otobis lekòl kanpe

Pran pasyans, epi rete atantif lè w ap tann otobis ou. Elèv yo dwe tann yon chofè otobis ki kanpe fè yo konnen kilè yo ka janbe lari san danje. Tann lè otobis la rive kote ou ye a, pa janm kouri dèyè yo otobis k ap mache.

## Pyeton

Pa rete nan zòn Pi Gwo Danje a, kote chofè a pa kapab wè moun k ap mache tou pre devan otobis la. Anvan ou janbe lari a, fè senk "gwo pa" sou twotwa a pou ale pi lwen otobis la. Tann chofè a fè siy pou di ou mèt janbe san danje.

<sup>8</sup> <https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section14>

<sup>9</sup> <https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section14>

<sup>10</sup> <https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter90/Section17>